



# GWOSÈS, FÈTILITE AK VAKSEN COVID-19



## Ale pran Vaksen COVID-19 la si w ansent, si w swete vin ansent, oswa w ap bay tete.

- Vaksinasyon pandan gwosès la pwodui antikò (Pwoteksyon) ki kapab ede w ak ti bebe w la rete an sante epi an sekirite.
- Prèske 90% ti bebe ki entène lopital pou COVID-19 te gen manman ki pa t resevwa vaksen COVID-19 pandan goswès la.<sup>1</sup>



## COVID-19 pi danje pou fanm ansent yo.

- Fanm ansent yo pi ekspoze pou konplikasyon ki kapab afekte sou gwosès la, kòm travay akouchman avan lè (akouchman avan 37 semèn) ak foskouch yo (pèt gwosès).



## Pran vaksen COVID-19 nan nenpòt ki moman nan gwosès la.

- Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon (CDC) ak lòt òganizasyon medikal rekòmande vaksinasyon nan nenpòt ki moman pandan gwosès la.
- Fanm ansent ka resevwa vaksen COVID-19 la ak Vaksen kont grip nan menm moman.



## Vaksen COVID-19 pa afekte ADN oswa pa bay pwoblèm pou tonbe ansent oswa fètillite.

- Vaksen COVID-19 yo pa afekte oswa melanje avèk ADN nou.
- Yo san danje tou pou moun ki ap eseye ansent yo.



## Pou w ka jwenn vaksen COVID-19 ak pou plis enfòmasyon:

- Vizite [nj.gov/health/vaccines/covid-19](https://nj.gov/health/vaccines/covid-19) oswa eskane kòd QR sila a.
- Vizite [vaccines.gov](https://vaccines.gov).
- Rele liy enfòmasyon CDC a nan 1-800-232-0233.
- Vizite [cdc.gov/covid/vaccines/pregnant-or-breastfeeding.html](https://cdc.gov/covid/vaccines/pregnant-or-breastfeeding.html).



<sup>1</sup> [kffhealthnews.org/news/article/covid-coronavirus-vaccine-shot-pregnancy-babies-protection](https://kffhealthnews.org/news/article/covid-coronavirus-vaccine-shot-pregnancy-babies-protection)